

## ФИДИБÆСТÆ НИ АЛКÆБÆЛ ДÆР ЛÆГИ ИХÆС ÆВÆРУЙ!..

***Иосиф СТАЛИН:** «Мах тох æй фидибæстон, сæребарæгæнæг, рæстаг... Нæ нисан æй æргом æма ездон. Мах фæндуй нæ советон зæнхæ немуцаг-фашистон цъамартæй исуæгъдæ кæнун. Мах фæндуй не ’нсувæртæ украинæгти, молдаванти, белоруссæгти, литовæгти, латышти, эстойнæгти, карелти, немуцаг-фашистон цъамартæ син ци федиссаг æма æгадæдзийнадæ æвзарун кæнунцæ, уомæй сæ фæййервæзун кæнун...»*

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№23 (849) 2022 анзи 23 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман

# НÆ ДЗИЛЛÆ ÆНОСТÆМÆ СÆРУСТУР ÆЙ Æ НАМУСГИН БÆГЪАТÆРТÆЙ!..



Чиколамæ хорискæсæнæрдигæй тæккæ æрбацæуæни æрбунæттон æй Уæлахези парк. Анзæй-анзмæ æ фæлгонцадæ федауцæдæр кæнуй. Нур ба никки фæббæрæгдæр уодзæнæй æ сæйраг нисанеуæг – нæ Цитгин Уæлахез æма уой сæрбæлтау Устур Фидибæстон тугъди хъазауатонти æскъуæлхтдзийнæдтæ, сæ намус фæлтæрæй-фæлтæрмæ багъæуай кæнун, æностæмæ син кадæ кæнун.

Æ ахсгиагдзийнадæй агъазиау мадзал ба аци парки арæзт æрцæудзæнæй исон, 24 июни. Ами тæккæ уиндгундæр рауæн, Ирæфи райони бæгъатæр тугъдонтæн сæ намусгиндæртæн – Советон Цæдеси Бæгъатæр **Махъоти Амурхани фурт Алиханæн**, Намуси ордени æнхæст кавалертæ **Хъалати Дзагей фурт Семенæн, Юрченко Иосиф Лукьяни фуртæн, Едзати Александри фурт Æхсарбегæн** æвæрд æрцудæй номерæн циртдзæвæнтæ сæ бюстти хæццæ æма сæ цитгин уавæри байгон кæндзæнæнцæ 24 июни – зундгонд куд æй, уотемæй 1945 анзи 24 июни Мæскуй Сурх фæзи арæзт æрцудæй Уæлахези Парад.

Чиколай Уæлахези парки ци мадзал арæзт æрцæудзæнæй, уомæ гæсгæ нæ фæндуй радзорун, ке бюсттæ си æвæрд æрцудæй, еци Бæгъатæрти туххæй. Раст зæгъгæй, уæхæн æрмæгутæ нæмæ мухургонд цудæй раздæр дæр, фал нæмæ уотæ кæсуй, æма ма син сæ кой еума хатт ракæнун бунати уодзæнæй. Æрмæгутæ кæсетæ 4-7-аг фæрстæбæл.

## ИМИСÆН...



## НÆ ФИДИБÆСТÆ ЕЦИ БОН ТУГЪДОН ФЕСТАДÆЙ...

ХУЦАУБОН адæймагæн зæрдтаг фæууй, уомæн æма æ фæллад исуадзунæн дæр, уæдта, косгæ бæнтти ’й кæмæ нæ фæййевдæлуй, æ цардиуаги еци гъуддæгутæ æхе фæндæмæ гæсгæ райаразунæн дæр ин фæззиннуй рæстæг æма равгæ... Еци бон, 1941 анзи 22 июни дæр хуцаубон адтæй, уой дæр дессаги райдзаст сæрдигон бон... Нæ агъазиау бæсти дзиллæ сæхе куд нæ цæттæ кодтайуонцæ райдзастæй æй рарветунмæ... Фал... Фæффудевгед æнцæ... Цъæх-цъæхид арвбæл сау-сауид мегътæ æнай-æнойти куд æрбамбурд унцæ æма дуйне куд нитталингæ кæнунцæ, уой хузæн еци бони райдзастдзийнадæ æрбасатар æй зæрдихалæн хабарæй: сæумицъæхæй нæ Фидибæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ немуцаг-фашистон æрдонгтæ...

Еци бæнтти æригон финсæг Калоти Хазби финста:

*«Карз тугъд райдæдта... Арви гъæри хузæн ниццæлхъ кодта тугъди фиццаг гæрах, арви хузæн нæргæ рацудæй хуæнхти æма будурти. Карз тугъд райдæдта... Баризтæй фатхъæдæ, баризтæй гъæди рæсугъд æхсин, сæбар-субур кодта æма æхе бауагъта кокка хæресбæл. Карз тугъд райдæдта... Базмалдæй деденæггун зад кæрдæг. Рацагъта æй рæсугъд къурфитæй сæумон æртæх, æрхъан æй зæнхæбæл, уæдта исистадæй æма нигулæнмæ ракъолæ ’й. Карз тугъд райдæдта... Дони сæрмæ ауигъд фæлми бунæй райгъустæй хъурдохæнгæнгæ уазал уолæн, æхе ниццæлхъ кодта дорти цæндитæбæл æма æртæхгай байеу æй иннæ уолæнти хæццæ...»* – уотæ финста æригон искурдиадæгин финсæг Калоти Хазби...

Æма еци-еу бонбæл нæ Фидибæстæ æнæгъæнæй дæр тугъдон фестадæй... Æнæгъæнæ бæсти дзиллитæ æмзæрдæ-æмвæндæй исистадæнцæ цифуддæр знаги нихмæ тохмæ.

... Цалинмæ нæ Фидибæсти аллирауæнтæй тугъдонтæ тагъд кодтонцæ знаги нихмæ тохи æрлæуунмæ, уæдмæ ин фиццаг карз нихкъуæрд ба лæвардтонцæ, уæд нæ паддзахадон арæнтæ ка гъæуай кодта, еци сурхæфсæддонтæ, кæцитæ иссæнцæ Устур Фидибæстон тугъди фиццаг бæгъатæр хъазауатонтæ.

2

## ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН ДÆР!

ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)




ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР.

***Сергей СМИРНОВ (1915-1976), финсæг, киунугæ «Бресты федар»-и автор: «Сабурдзийнадæ æма сæребарæ нин ци аргъбæл ниллæудтæнцæ, уой иронх кæнуни барæ мах ес? Уæхæн æнæргъуди миуæ æдзард æфсæддонти, мадтæлти зæрдристи, седзæргæс силгоймæгти, седзæр сувæллæнтти размæ гадзирахаттæй рацæуни хузи нæ уодзæнæй?..»***

## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...



**Владимир КАШИН, Паддзахадон Думи аграрон фарстати фæдбæл комитети сæрдар, академик**

– Уæрæсей æгуст адæми бæрцæ нуртæккæ æй 4 миллион адæймагемæй фулдæр, уой хæццæ ба ма хебарæй косæг 30 миллион адæймаги, кæцитæ зæгъæн ес, æгуст адæмбæл банимайун æнгъезуй. Мæгурдзийнади уавæрти цæруй нæ бæсти цæргути 30%, минкъиймулкгин адæми бæрцæ дæр нур дæс анзей дæргъи минкъийдæр нæ кæнуй... Еци адæмæн сæ уавæртæ никки æгудзæгдæр кæнуй æргъти æнæбауорамгæ ирæзт.



Цæгат Иристони кæронмæ арæзт ка не 'рцудæй, уæхæн объектти номхигъдмæ ма хаст æрцудæнцæ æхсæз берæфатерон хæдзари.

Фирмæ «Ника» Дзæуæгигъæуи Джиккайти Шамили номбæл гъæунги кæронмæ ке нæ исаразта, еци амунд объекттæй еуемæн рахастонцæ компенсаци бафедуни туххæй унаффæ. Тогой-фурти номбæл гъæунги ка æрбунæттон æй, никкидæр ма еу хæдзарæ кæронмæ исараздзæнæнцæ.

Курскаг æма Владикавказаг гъæунгти æртæ æрдæгарæзт объектти туххæй унаффæ анзи кæронмæ рахæсдзæнæнцæ. Тæрхондонæ аразгути гъуддаг ку равзара, уæд Тельмани гъæунги æрдæгарæзт хæдзари карнæ исбæлвурд уодзæнæй.

Уой хæццæ, ке басайдтонцæ, хе фæрæзнити харзæй цæрæнуæтти арæзтади хайгай архайæг, уæхæн адæймæгути туххæй закъонæвæрунадæ бæлвурд унаффæ рахæссуни барæ ке нæ дæттуй, уой нимайгæй, Алагири, уæдта Дзæуæгигъæуи Владикавказаг гъæунги 63-аг бæстихаййи æма Маркови гъæунги æрдæгарæзт объекттæ идарддæр арæзт цæудзæнæнцæ æви нæ, е нерæнгæ бæлвурдгонд нæй. Куд рабæрæг æй, уотемæй аци объекттæ хайгай нæ, фал кооперативон уагæй ке аразтонцæ, уой нимайгæй, къулумпидзийнадæ исæвзурдæй.

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

Куд нисангонд цæуй, уотемæй 2023 анзи Цæгат Иристонæн æлхæд æрцæудзæнæй æхсæз фæлдзæуæн медицинон комплекси. Уомæн гъæугæ фæрæзнитæ дехгонд æрцæудзæнæнцæ федералон бюджетæй национ проект «Æнæнездзийнадæ» æнхæст кæнгæй.

Цæгат Иристони прокуратурæ куд исбæрæг кодта, уотемæй онкологон æма сæкæри незтæй сæйгитæн гъæугæ хуастæ æлхæнун 2022 анзæн ци финансон фæрæзнитæ нисангонд адтæй, етæ фагæ нæ разиндтæнцæ. Уомæ гæсгæ ба, гъуддаг кæмæй аразгæ 'й, еци хецауадон оргæнтæмæ барвистонцæ гъæугæ фæндæ, æма бюджетæй ма уæлæнхасæн дехгонд æрцæудзæнæй 150 миллион соми.

***

**Дзæуæгигъæуи Жуковскийи номбæл фæлладуадзæн парки территорий цалцæггæнæн куститæ æнхæстгонд фæуудзæнæнцæ июли кæрони. Дзæуæгигъæуи администраций сæргълæууæг Милдзихти Вячеслави дзубандимæ гæсгæ, аци объектбæл куститæ фæуунмæ æмгъуд фæстæдæргонд æрцудæй, уомæн æма куд рабæрæг æй, уотемæй ами кæддæр уæлмæрдтæ адтæй. Нур зæппадзитæ игонгонд æрцудæнцæ, æма уомæ гæсгæ куститæ æндæр хузи аразун багъудæй.**

***

Цæгат Иристони студентон къуæрттæ архайдзæнæнцæ республикон стадион «Спартак»-и цалцæггæнæн кустити. Дзæуæгигъæуккаг спортивон аренæ ци бунæттæ си ес, уони бæрцæмæ гæсгæ Уæрæсей ахæссуй фарæстæймаг бунат, Хонсайраг районы ба 'й тæккæ агъазиаудæр. Арæзт æрцудæй 1962 анзи æма си нуртæккæ цæуй 32 мин адæймаги. Стадиони цалцæггæнæн куститæн радех кæндзæнæнцæ 1 млрд соми.

***

**Мæздæги культури Хæдзари арæзт æрцудæй сувæллæнтти конд хузти æвдæймаг Æхсæнрегионалон конкурс «Сабийти гъæлæс». Мадзали раздæриккон архайгутæй Мæздæги районы æма Стъараполи крайи станицæ Курскойи ахурдзаутæй уæлдай ма си аци анз сæ дæсниадæ æвдистонцæ Кæсæг-Балхъари æригон хузæгæнгутæ дæр.**

***

Ирæфи районы администрацийæй нин куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй Æхсæрисæр æма Секери скъолати цалцæггæнæн куститæ гъæуама 1 сентябрмæ æнхæстгонд фæуунцæ. Зæгъун гъæуй уой, æма паддзахадон программæмæ гæсгæ Ирæфи районы капиталон æгъдауæй цалцæггонд цæунцæ цуппар астæуккаг ахургæнæндонеми: Æхсæрисæри, Секери, Чиколай 3-аг астæуккаг æма Советон гъæути скъолати.

***

**Цæгат Иристони Æрдзон фæрæзнитæ æма экологий министради пресс-службæ куд фегъосун кодта, уотемæй, бафснайунмæ ке гъавунцæ, Дзæуæгигъæуи бугъти еци полигони бунати нийййараздзæнæнцæ бæлæстæ 4 мин талайемæй фулдæр æма къотæртæ.**




# НÆ ФИДИБÆСТÆ ЕЦИ БОН ТУГЪДОН ФЕСТАДÆЙ...

1 Уони туххæй берæ финст цудæй, цæуй æма ма, нæ зæрдæ дарæн, цæудзæнæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ.

Нæ Райгурæн бæстæ гадзирахаттæй æрбалæборæг знагæй багъæуай кæнуни тугъдтити нæ бæсти иннæ адæмихæттити æмрæнгъæ архайдтонцæ Цæгат Иристони фурттæ дæр – æртæ мин адæймагемæй фулдæр. Тухгæнгути фиццаг цæф æхемæ райста Бресты федар. Уой таурæгъон æскъуæлхтдзийнадæ иссæй евгъуд тугъди тæккæ намусгиндæр æвдесæнтæй еу. Еци-еу рæстæг тухгин тугъдтитæ ма кæд цудæнцæ Советон Цæдеси хорнигулæн арæнтæбæл иннæ рауæнти, уæддæр знагæн, е æнгъæл дæр ке нæ адтæй, уæхæн тæккæ тухгиндæр нихкъуæрд ба лæвардтонцæ Бресты федар гъæуайгæнгутæ. Цитæ ба нæ кодта немуцаг-фашистон æрдонгти разамунд, фал æ бон неци адтæй, æнæбасæттгæ тухæй æрлæудтæй сæ надбæл аци цитадели æнæмæлгæ гарнизон, сæ размæцудæй сæ æруорæдта. Кæд æма уæдмæ иннæ рауæнтæй кæцидæртеми немуцаг æфсæддон хæйттæн бантæстæй нæ бæсти зæнхитæбæл медæмæ еуцæйбæрцæдæр бацæун, уæддæр Бресты федарæн ба басæттæн нæ адтæй, еци нифсгунæй си игъустæй æма игъустæй: «Федар тох кæнуй!..»

Бресты федари тох кодтонцæ 30 адæмихаттей минæваремæй фулдæр, уони хæццæ – Цæгат Иристони 500 фуртемæй фулдæр. Уонæй беретæ ами байзадæнцæ æностæмæ. Никки фулдæр ба си фæгъгъезæмарæ кодтонцæ фашистти дзæмбути.

– Æз загътайнæ, тугъд мах, ирæнтти къуари 125-аг фестæг полкки пулеметон роти æгудзæгæй не 'рæййафта нæ хæлардзийнади фæрци, – загъта Кокайти Дзамболат.

1941 анзи 21 июни æхсæвæри фæсте мах, фæскомцæдесон активистти, полкки хестæр пропагандист Четверя-




ков ракодта Брестмæ афицерти Хæдзарæмæ. Уордигæй æрбаздахтан фæсæмбесæхсæвæ. Федарæй еуминкъий æндæдæр Буги билгæрон фегъустан дзубанди æма танкити рæхисти æзгули. Сурхæфсæддон Мудойти Мухтар гъуддаг балæдæрун кодта хестæр лейтенант Щукинæн.

Е цæхгæр загъта: «Ма тæрсетæ». Уæддæр цидæр бæлах лæдæргæй, Джелити Майрæни 3-аг пулеметон роти политикон разамонæги хуæдæййевæги хъæппæресæй мах сосæггай искодтан нæ дзаумæуттæ. Къуæрей размæ ба цæгатаг колдуæрттæмæ хæстæг Буги билгæрон иссирдтан хъалагъури мард. Æ тохæндзаумау ба ин фæххастонцæ. Цалдæр бони ахæстан дзурдхæсгути. 21 июни ба къазармамæ æрбацудæй авгæвæрæг, польшаг. Е загъта: «Цæмæн гъæуй æвгитæ æвæрун, кæд æма ахсæви алцидæр æрцæудзæнæй пурхæгонд. Æмбæлттæ, уæхе гъæуай кæнетæ. Исон уæбæл немуц æрбампурсдзæнæнцæ...» Махæй фунæй неке кодта. Дзурдтан сабургай иронау. Старшина дæр нæ фунæй кодта. Æвæдзи, лæдæрдтæй тасдзийнадæ.

– Арв бамбарзта тогсурх мегъæ, лæбурдта имæ сау хъуæцæ, – æ дзубанди идарддæр кодта Александр. – Уæлдæф байдзаг æй хъилмайæй, тахтæнцæ имæ агоридортæ, дортæ, зæнхи гæппæлтæ, калдæнцæ бæлæстæ, ихалдæнцæ хæдзæрттæ. Уотемæй мах исæмбалдан тугъдбæл...

Советон тугъдонти фулдæр хай еугæйттæй, уæдта къуæрттæй еци трагикон рæстæг кодтонцæ бæгъатæр тох. 197-аг фестæг полкки тугъдон Коцти И., зæгъæн, 21 июнæй 22 июнмæ æхсæвæ ци федæрттæ арæзт цудæнцæ, уони гъæуайгæнгæй, знаги æрбампурсти сахатти байахæста дот æма, уоми пулеметтæй æхсгæй, нæ бауагъта цæугæдон Санибæл нихмæлæугути æрбахезун. Æскъуæлхтдзийнадæ равдистонцæ болкъон Н. Дементьеви 99-аг фестæг дивизий тугъдонтæ Перемышбæл тохи. Уоми елхоттаг, танкити взводи командир лейтенант Габисати Дзанхот ниппурхæ кодта знаги æртæ танки.

Арæнбæл ма тугъд æрæййафтонцæ не 'мзæнхонтæй беретæ. Уони хæццæ адтæнцæ 200-аг фестæг полкки пулеметæй æхсæг Айларти Данел, фестæг взводи командир лейтенант Баликъоти Зикир, 13-аг æфсади 50-аг артиллерион полкки артдивизий комиссар Гæзæнти Адулгери, 359-аг артполкки дзармадзантæй æхсæг Гогати Сулейман, 75-аг фестæг полкки æхсæг взводи командир Хъæдохти Амурхан, 30-аг танкити бригади 30-аг хецæн дзармадзанæй æхсæг дивизиони артвзводи командир Хъаирти Хъудæберди, бастдзийнади сæрмагонд эскадрони взводи командир Хъибизти Андрей, взводи командир Махъоти Темурхъан, дзармадзанæй æхсæг Махъоти Азрат, кæстæр политразамонæг Фидарати Геуæрги, взводи командир Цæголти Хъазбег, фестæг взводи командир, лейтенант Цæрикъати Хусин, автоæрмæдзти хецау Цирихати Александр, взводи командир Чибити Хизир æма иннетæ.

Тухгæнгутæбæл арæнтæбæл фиццагидæр ка исæмбалдæй, уонæй уоми беретæ æностæмæ байзадæнцæ. 1941 анзи июни-июли бæгъатæрæй фæммард æнцæ Цæгат Иристонæй мин æма фондзсæдæ адæймагемæй фулдæр.

Тугъди фиццаг фараст бонемæ Цæгат Иристонæй фæммард æй 76 афицери, уонæй – дууæ болкъони, 40-гай æнзтæй сæбæл фулдæр нæма цудæй, иннетæ сæ еугур дæр – кæстæр æма хестæр лейтенанттæ, тугъди райдайæни анз раздæр училищетæ каст ка фæцæй, уæхæнттæ. Рохсаг уæнтæ. Сæ рохс нæмттæ адæмæй некæд феронх уодзæнæнцæ...

***ХЕКЪИЛАТИ Маринæ***

**Дзæуæгигъæуи кадгин гражданин, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант Рослый Иван Павели фурти райгурдбæл 28 июни æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1902-1980).**



# АДÆМИХÆТТИТИ ЦАРД СЕ 'ХСÆН ЛИМÆНДЗИЙНАДÆЙ ФЕДАР КÆНУЙ!..







САХАР Мæздæги арæзт æрцудæй форум «Мæздæггаг кæсгæнтти æносон фæткитæ». Ардæмæ хунд æрцудæнцæ берæ иуазгутæ Кæсæг-Балхъарæй, Хъæрæсе-Черкесийæй, Адыгейæй, изол æма хæстæг фæсарæнтæй.

Фидтæлтиккон берæвæрсуг æма гъæздуг истори, æгъдæуттæ æма фæткитæ багъæуай кæнун, фæлтæрти 'хсæн зæрдхæлар бастдзийнадæ æма кæрæдзебæл æновуддзийнадæ – аци æма берæ æндæр уодварни фарстати фæдбæл цудæй дзубанди, бæрæгбони рæстæг ци аллихузон мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уонæми.

– Цæгат Иристони фæрнæйдзаг, æнсувæрон зæнхæбæл аллихузон адæмихæттитæ, еумæйагæй аразунцæ сæ цардиуагæ, сæ цæмæдесаг исонибон. Аци, берæ цæмæйдæрти тæссаг æма сагъæссаг рæстæги, куд некæд, уотæ ахсгиаг нин æй еумæ ун, – баханхæ кодта æ радзубандий Еугурадæмон Черкессаг ассоциаций Президент **Хаути Сохроков**.

Бæрæгбони рæстæг æ архайгутæ бабæрæг кодтонцæ Мæздæги райони зæрдæбæлдаргæ бунæттæ. Куд зонæн, уотемæй Мæздæг æй Цæгат Кавкази тæккæ рагондæр сахар. Иннæ анз ибæл исæнхæст уодзæнæй 260 анзи.

Бæрæгбони мадзали разæнгардæй си архайдтонцæ Мæздæги лимæндзийнади Хæдзари еугур националон-культурон æхсæнæдтæ дæр. Мæздæггæгтæ æвдистонцæ националон сувениртæ, уæледарæс, ами цæрæг адæмихæттити традицион хуæруйнæгтæ æма ниуæзтæ. Кæсгон фæндурдзагъдæй уæлдай ма си игъустæй уруссаг æма ирон мелодитæ дæр. Цæгат Иристони националон политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Алан** республики Хецауади номæй зæрдиагæй райарфæ кодта форуммæ æрбацæуæг иуазгутæн. Æ радзубандий уотæ загъта:

– Федарæй ми æруагæс кæнуй, ацибониккон форум ке æй устур рахуæцæн, цæмæй адæмихæттити 'хсæн рахастдзийнæдтæ никки федардæр фæуuонцæ. Абони ци цаутæ цæуй, уонæмæ кæсгæй, еугур дуйнейæн дæр æвдесун гъæуй аллихузи адæмихæттити 'хсæн ци хузи æма куд аразун гъæуй хуарз рахастдзийнæдтæ.

Иуазгутæ æма фусунтæ кæрæдзей исцитгин кодтонцæ зæрдæбæлдарæн лæвæрттæй. Адæмихæттити лимæндзийнади фестиваль – уотæ 'й исхудтонцæ форуми архайгутæ, – рахаста изæрдалингитæмæ.

Аци форум Мæздæги арæзт æрцудæй дуккаг хатт. Националон бастдзийнæдтæ федардæр кæнуни гъуддаги æ ахедундзийнадæ æнæмæнгæ агъазиау ке æй, уомæ гæсгæ исарази 'нцæ, цæмæй ауæхæн мадзæлттæ исуонцæ аллианзон, уæхæн фæндæбæл.

## ДЗИЛЛОН ХАБАРХÆССÆГ ФÆРÆЗНИТИ ÆМАРХАЙДИ ФÆДБÆЛ МАДЗАЛ

# ФАРНÆХÆССÆГ ФÆЛТÆРДДЗИЙНАДÆ – ÆХСÆНАДИ ХУАРЗÆН




Цæгат Иристон ахид исуй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити архайд æма фæлтæрддзийнади фарстати фæдбæл регионалон æма федералон мадзæлттæ аразуни рауæн. Æма бабæй мæнæ рæхги 29-30 июни Дзæуæгигъæуи æ куст кæндзæнæй, алли регионти минæвæрттæ кæми архайдзæнæнцæ, уæхæн медиафорум «PRO Кавказ».

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйлой** хъæппæресæй исаразуйнаг æмбурди архайæг дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæрттæ базонгæ уодзæнæнцæ кæрæдзей кусти фæлтæрддзийнади хæццæ, иснисан кæндзæнæнцæ идарддæри æмархайди фæндæнттæ.

Форум цæттæгæнæг комитети куд радзурдтонцæ, уотемæй æмбурди архайдзæнæнцæ Цæгат Кавкази федералон зилди регионти æма центрон дзиллон хабархæссæг фæрæзнити журналисттæ æма иннæ минæвæрттæ, блогертæ, паддзахадон оргæнтæ æма коммерцион организацити пресс-службити косгутæ, хецауади æма æхсæнадон структурити специалисттæ.

Медиафоруми иуазгутæ исуодзæнæнцæ зундгонд журналист, Уæрæсей Федераций Паддзахадон думи депутат **Евгений Попов**, политолог, дуйнеуон гъуддæгути фæдбæл уæрæсейаг Совети эксперт **Сергей Маркедонов**, теле-радиостанцити Национ ассоциаций директор **Александр Широких**, Уæрæсей журналистти Цæдеси нимæрдар **Юлия Загитова** æма æндæр структурити разамонгутæ æма минæвæрттæ.

***Нæ уацхæссæг***

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



*Номдзуд рагонбердзейнаг æмбесæндтæ финсæг Эзоп ракодта уæхæн таурæхъ. Цæветтонгæ, еу лæгæн æ науæ денгизи фæддæлдон æй. Æхецæн ма бантæстæй билгæронмæ ранакæ кæнун. Уоми хъæбæр фæлладæй бафунæй æй. Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте дин ку райгъал уидæ æма денгизи уайдзæфти буни ку фæккæнидæ, дæхе, дан, сабур фæддарис, адæм, дан, дæбæл бауугæндунцæ. Фал ку банакæ кæнунцæ, уæд исæзнæт уис æма сæ байсафис.*

*Уæд денгиз силгоймаги хузи бацудæй æма дзоруй лæгмæ:*

*– Мæнæн ма уайдзæфтæ кæнæ, фал думгæн! Æз æрдзæй, ду мæ ци хузæнæй уинис, уæхæн дæн, фал мæбæл думгитæ сонтæй сæхе рандзарунцæ, æма барæй-æнæбари дæр исæзнæт ун, уорамæг мæ уорамун нæбал фæффæразуй.*

Æведауцæ æма зæранхæссæг миутæ мах царди минкъий не 'рцæуй. Æма сæмæ гъæуама кæсæн уæхæн цæстæй: ка сæ кæнуй, етæ кæд фудгин æнцæ, уæддæр уонæй фудгиндæр ба æнцæ, рæдуд надбæл сæ ка исардауй, етæ. Мæнæ Украини нури разамунд ци æрра миутæ аразуй, уомæй, дзубанди дæр ибæл нæййес, фиццагидæр, фудгин æнцæ ка сæ ардауй, сæ еци фæсарæйнаг «сæрбæлдзоргутæ». Фал Украинæн æхе «фæтæгтæ» дæр минкъийдæр фудгин нæ 'нцæ – уомæй, æма цæмæн игъосунцæ сæ ахъелгутæмæ æма æнæзунд данкъати хузæн цæмæн лæборунцæ, хуарздзийнадæ син ке зæрдæ зæгъуй, уонæмæ. Никки: уæддæр еуцæйбæрцæдæр ракæсæнтæ евгъуд рæстæгутæмæ, кæдимайди ба балæдæриуонцæ, дуккаг дуйнеуон тугъд дæр уæхæн налат ардаугути æма сæ рæуузунд хъозæнтти фудæй ке райдæдта, уомæ.



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Кæд содзун æма рохс кæнун дæ бон нæй, уæд рохсæн уæддæр цæлхдортæ ма æвæрæ...»**

Нæ нуриккон хецауеуæггæнгутæ, æвæдзи, зонгæ нæ 'нцæ Лев Толстойи исфæлдистади хæццæ, æндæра ин æ аци фæдзæхст зониуонцæ æма фудзунд миутæ нæ кæниуонцæ нæ берæ цæмæйдæр тухст цардиуагæмæ нин рохсхæссæг гъуддæгути рохс нæ нидæн кæниуонцæ. Уотæ адæмон ахуради дæр: цæйбæрцæ пайдахæссæг фæндитæ æ фæгъгъомусдæр кæнунæн райгъусуй, фал син аргъгæнæг ба нæййес, е кæмæй аразгæ 'й, етæ ниццæггаг æнцæ сæхе æргъудигонд, берæ цæмæйдæрти хæлхъоййаг фæткитæбæл, зæгъæн, Еумæйаг паддзахадон фæлварæнбæл.

**Артур ШОПЕНГАУЭР (1788-1860), немуцаг философ: «Цæрæгойти карнæбæл зæрдæй ка ресуй, е æнæмæнгæ хæларзæрдæ 'й. Æгъатир миутæ син ка кæнуй, уомæн ба хæларзæрдæ ун нецихузи ес...»**



Æма нур Украини неонацисттæ цæрæгойтæн дæр æма адæймæгутæн дæр æгъатир миутæ ка аразуй, бундзагъд сæ ка кæнуй, еци неонацистти ба ци исхонæн ес? Ци исхонæн ес, еци æверхъаудзийнæдтæмæ сæ ка разæнгард кæнуй æма син сæ æбуалгъ миути агъазгæнгути ба? Æвудæй гъезæмæртти бахауæг дзилли ка ервæзун кæнуй, еци уæрæсейаг æфсæддонтæбæл алли тæрегъæддзийнæдтæ ка имисуй, уони æдзæсгондзийнадæ ба фудракæнд нæй?



**Дени ДИДРО (1713-1784), французаг финсæг: «А дуйнебæл еунæг уæхæн загъд дæр нæййес, куд загъд адтæй, уотемæй ке балæдæрдтæнцæ, уæдта еунæг уæхæн гъуддаг дæр нæййес, куд конд æрцудæй, уотемæй ке райстонцæ...»**

Æма куд балæдæрæн ес, зæгъæн, хецауеуæггæнгути берæ зæгъдтитæ, кæд æма сæ зæгъгутæ сæхуæдтæ дæр æнхæст нæ фæллæдæрунцæ?.. Кенæ куд ес райсæн, хецауеуæггæнгутæ ци гъуддæгутæ райаразунцæ, кæд æма сæ фулдæр фæуунцæ зæранхæссæг – æхсæнадæн дæр æма хумæтæг дзиллæн дæр.

**Номдзуд революцион архайæг Цæголти Александри фурт Геуæргий райгурдбæл 30 июни æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1897-1919).**

***Роберт КЕРШОУ, англисаг финсæг: «Советон æфсæддонтæ тугъди райдайæни дæр куд уодуæлдайæй тох кодтонцæ знаги нихмæ, уой бæлвурд æвдесæн æй немуцæн сæхе загъд: «Уруссæгтæ алкæддæр тох кодтонцæ фæстаг æфсæддони уæнгæ. Сæ къохтæ нецихузи исхъел кодтайуонцæ. Сæ федар нифсæн мах уони хæццæ рабарæн нæййес...»***



Чиколай Æнсувæрон уæлмæрдти МАХЪОТИ Алихани цирти рази (рахесæрдигæй галеуæрдæмæ): ДЗАГУРТИ Джабраил, Алихани кизгуттæ Фатимæ æма Ларисæ, МАХЪОТИ Таймораз, САКЪИТИ-ЦÆРИКЪАТИ Розæ, ГУЛЬЧЕТИ Аслан.

# «КÆНДЗИНАН УÆДДÆР БЕРÆ ÆНЗТИ МАХ, Æ НОМЕРÆН ЗАР!..»

ЧИКОЛА знæгтæ байахæстонцæ 1942 анзи фæззæги. Батальони командир æрæмбурд кодта æфсæддонти æма син гъуддаг лæдæрун кæнуй:

– Мах базонун гъæуй, немуц циуавæр хъауритæй архайуй, сæ штаб кæми æй æма сæмæ идарддæр ци фæндæ ес, уой. Уони ку исбæлвурд кæнæн, уæд нин æнцондæр уодзæнæй æрбалæборгути хæццæ тохун.

Махъоти Алихан æ бунатæй фестадæй æма загъта:

– Мæн рарветæ тъасхи.

Командир деси бацудæй:

– Æма ду тъасхæгæнæг ку нæ дæ, фал пулеметæйхсæг, уомæй дæр роти командир.

– Гъо, пулеметæйхсæг дæн, фал æз еугуремæй дæр хуæздæр исæнхæст кæндзæнæн тъасхæгæнæги куст, – загъта Алихан, – уомæн æма ардигон дæн, Чиколай райгурдтæн, ами ахур кодтон скъолай.

– Е æндæр гъуддаг æй, ами бунæттæ, æвæдзи, хуарз зонис... Цæй, куд? Лейтенант Махъойфуртæн бабарæ кæнæн аци ихæс? Тугъдон командир ке æй, уой нæ еугурдæр зонæн.

Æцæгæйдæр, уæди агъоммæ Алихан тухтæй Хонсайраг æфсади хæццæ, архайдта Цæгат Кавкази, Фæскавкази фронти, нур ба æ райгурæн гъæумæ æрбахаудтæй. Ардигæй 1940 анзи бацудæй ахур кæнунмæ Орджоникидзей фестæг училищемæ.

...Изæрæй Махъоти Алихан е 'мбæлтти хæццæ, тохæндзаумауæй ефтонг уогæй, багъузтæй Ирæфи билæмæ, е 'скæсæйнаг билгæрæнтти сосæггай багъузтæй Чиколайæй минкъий изолдæр Дзæгъепбарзмæ, æ них исаразта æ зонгæ зæронд ахургæнæги хæдзарæмæ. Тъасхæгæнгутæ хæдзари алливарс сæхе баримахстонцæ, Алихан дуар гъавгæй бахуаста.

– Кæци дæ? – райгъустæй медæгæй нæлгоймаги гъæлæс.

– Хеуæнттæ ан, байгон кæнæ дуар, – нидæн гъæлæсæй дигоронау загъта Алихан. Дуар сабургай байгон æй. Зæронд ахургæнæг æфсæддонти ку фæууидта, Алихани ку базудта, уæд æ десæн кæрон нæбал адтæй.

– Ду дæ, Алихан? Кæцæй фæдтæ?

– Фæстæдæр дин лæмбунæг радзордзæнæн хабæрттæ. Нур ба хъæбæр æнæевдæлон ан. Дæ агъаз нæ гъæуй. Гъæуи знæгтæ кæми æрæнцадæнцæ?

– Æрбадайтæ, фæйнæ комидзаги искæнетæ...

– Нæ, рæстæг махмæ не 'нгъæлмæ кæсуй.

Ахургæнæг син радзурдта: знаги афицертæ æма æфсæддонтæ æрбунат кодтонцæ скъолай азгъунсти. Гъæуайгæстæ æрæвардтонцæ аллирдигæй, сæ бацæуæнтæ æхгæд æнцæ.

Алихан ин райарфæ кодта, хуæрзæхсæвæ загъта зæрондæн æма скъолай æрдæмæ фæннæхстæр æнцæ, цæугæ-цæуун унаффæ рахастонцæ: ниццæвун гъæуй гитлеронти. Скъоламæ хæстæг бацудæнцæ, гъæуайгæс автомати хæццæ дууердæмæ куд рацо-бацо кодта, уой саудалинги æрæстæфтæнцæ. Дууемæй фæстети багъузтæнцæ æма 'й фæссабур кодтонцæ. Дууææртæ минуттей фæсте ба гъуддаг конд адтæй. Махъой-фурт е 'мбæлтти хæццæ æрбаздахтæй штабмæ, уацари ци афицерти райста, уони бунатбæл исæмбæлун кодта, ци документтæ байста знагæй, уонæй базудтонцæ немуци пълæнттæ. Аци цауи туххæй лейтенант Махъоти Алиханæн лæвæрд æрцудæй фиццаг хецауадон хуарзæнхæ – майдан «За боевые заслуги».

Немуц Иристони зæнхæбæл берæ нæ фæххаттæнцæ. Сурх Æфсади хæйттæ син бæрзæйсæттæн цæф никкодтонцæ æма ледзæги фæцæнцæ. Бæгъатæрæй тухтæй 295-аг æхсæг дивизий рæнгъити Махъоти Алихан, иннети хæццæ уæгъдæ кодта сахартæ Нальчик, Пятигорск, Кисловодск, Ессентуки, Армавир,



Краснодар. Махъой-фурт, батальони командир уогæй, уæззау цæф фæцæй, фал æ хайии байзадæй, æхе дзæбæх кæнунмæ некумæ бакумдта.

Еуафони сгаргутæ фегъосун кодтонцæ, станцæ Трудолюбовки знаг тухгин ке æрфедар æй, уой туххæй.

Дивизий командир болкъон Филатов фæдздзурдта, цæмæй равзаронцæ нимпурсунмæ сæрмагонд къуæрттæ. Еци къуæрттæй еуей сæргъи æрлæудтæй хестæр лейтенант Махъоти Алихан. Æ къуари разæй æрæвардта дзармадзантæ, утемæй станцæмæ балæбурдтонцæ æма сæ бон бацæй немуци расорун уордигæй. Лæгдзийнадæ æма æхсарæ ке равдиста, уомæ гæсгæ Алиханæн лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай орден.

1944 анзи советон æфсæддонтæ цæугæдон Днепрбæл бахезунмæ сæ уод гъардтонцæ. Знаг фæстæмæ цудæй, фал Каховкæ æма Херсони рази ба нихкъуæрд лæвардтонцæ махонтæн. Цæугæдони иннæ фарс немуц федæрттæ исаразта æма уони ниддæрæн кæнунбæл адтæй сæ тох Махъоти Алихани батальони æфсæддонтæн. Аци рауæн Днепри уæрхæ æй дууæ километремæ хæстæг, никки ба ма Украини еци уалдзæг уарунгун фæцæй æма цæугæдон æ билгæрæнттæй ракалдæй. Алихани багъудæй бæлæгътæ агорун, уони фæрци æнцондæрæй байервæздзæнæнцæ æхсæвигон дони иннæ фарсмæ.

Цубур рæстæги фæсте Алихан фегъосун кодта уæлдæр командиртæн: æ батальон цæттæ æй нимпурсунмæ. 13 мартъий æхсæвигон бæлæгъти банакæ кодтонцæ тъасхæгæнгутæ, сапертæ, пулеметæйхсгутæ, сæ хæццæ – Алихан дæр. Æхсæвæ райдæдта уарун, кодта думгæ, талингæй æгириддæр неци зиндтæй. Знаг æрбалæборунæй нæ тарстæй, уæхæн рæстæг ка тохуй, уæлдайдæр ба уæхæн цæугæдони сæрти ка бандеудзæнæй. Цæугæдони нигулæнмæ ку бахъæрттæнцæ, уæд бæлæгътæ фæстæмæ иннетæмæ рарвистонцæ, Алихани къуар ба, гъуддагæн ка неци лæдæрдтæй, еци фашисттæбæл ралæудтæнцæ, бæгънæгутæй фæйнердæмæ лигъдæнцæ æма сæ мæлæт ирдтонцæ.

Утемæй æнæгъæнæ дивизи донуордæг фæцæй æма знаги басастонцæ.

Арæхстгин разамунд ке лæвардта Днепри сæрти бахезунбæл, уæдта лæгдзийнадæ ке равдиста, уой туххæй Махъоти Алихан Амурхани фурт ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми унаффæмæ гæсгæ 1944 анзи 3 июли хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини орденæй.

Не 'фсæдтæ размæ æмпурстонцæ. Бахизтæнцæ цæугæдæнттæ Хонсайраг Буг æма Днестрбæл. Алихани æфсæддонтæй еу дæр нæ фæгъгъудæй, лæвардта дæсни разамунд æма ин лæвæрд æрцудæй Фидибæсти тугъди фиццаг къæпхæни орден.

1944 анзи сæрди не 'фсæдтæ искæдзос кодтонцæ гитлеронтæй Украини нигулæн районтæ æма сæ них исаразтонцæ Европи иннæ бæститæ исуæгъдæ кæнунмæ. Советон Æфсад фиццагидæр æ агъази къох кæмæ бадардта, е адтæй Польшæ. Ами дæр Махъоти Алихани батальон æхе лæгигъæдгунæй равдиста, фиццæгти хæццæ бахизтæнцæ цæугæдон Вислæбæл æма пурхæ кодта фашистти. Алихан бабæй фæццæф æй, нæ кумдта госпитæлмæ, фал си берæ тог ке фæккалдæй, уомæ гæсгæ ба 'й æвæстеуатæй исæмбæлун кодтонцæ дохтиртæбæл. Госпитæли уогæй берæ хæттити æхе курдта тугъди будурмæ æма фæстагмæ исæнхæст æй æ курдиадæ: нæуæгæй æрвист æрцудæй фронтмæ.

– Майор Махъой-фурт, уæ бæрнæхсти уогæй, идарддæр цæттæ æй е 'фсæддон службæ хæссунмæ! – раст æрлæудтæй æхсæн полкки командири рази.

– Идарддæр службæ зæгъис, – бафарста дæлболкъон Чайка æма имæ лæмбунæгдæр бакастæй. – Мæнмæ гæсгæ, кæмидæр фембалдан.

– Гъо, фембалдан. Æз дæр аци дивизий тухтæн, æцæг æндæр полкки.

– Мах дивизий? Кæми? – десхузæй бафарста Чайка.

– Гъуди кæнис Нальчик, станцæ Добролюбовкæ, Херсон?

– Гъо, гъо, гъуди кæнун. Ду уæд командæ кодтай раззагдæр батальонæн. Раззæгти хæццæ бахизтæ Днепр, Буг, Днестри сæрти. Дæу туххæй еци рæстæг берæ дзубанди цудæй... Нæма феронх дæ, разæй куд цæуун гъæуй, уой? Нур дæр дæ разæй ка цæудзæнæй, уæхæн батальони сæргъи ниввæрдзинан, æвæдзи, – загъта Чайка æма Алихани дзуапп æ зæрдæмæ фæццудæй:

– Е хæстæгдæр тугъди рабæрæг уодзæнæй.

Æма, æцæгæйдæр, Чайки мæйæ æмæ æрдæги фæсте курдиадæ финсун багъудæй, цæмæй Махъоти Алиханæн Советон Цæдеси Бæгъатæри ном радтонцæ, уой туххæй. «1945 анзи 26 мартъийæй 2 маймæ цæугæдон Одери рази ци мæлæтдзаг тох цудæй, уоми Алихан равдиста æхе æндиудæй, тæккæ уæззаудæр уавæр ку исæвзурдæй, уæд Махъойфурт гранатти басти хæццæ æ фазæбæл бабурдæй, æ хæццæ иннæ сурхæфсæддонтæ дæр æма цубур рæстæгмæ знаг тугъди будури ниууагъта аст содзгæ танки, сæ размæцуд уорæд æрцудæй. Цубур рæстæгмæ бабæй фашисттæ нæуæгæй æрбалæбурдтонцæ. Карз тохи фæсте Махъоти Алихани батальон нæуæгæй фæстæмæ рагæлста немуцаг æрдонгти. Бони æмбесмæ авд хатти нихкъуæрд æрцудæй немуцæн. Изæрæй гитлеронти дууæ фестæг полкки, 50 танки сæ разæй, утемæй нæуæгæй æрбампурстонцæ фиццаг батальонбæл, фал сæ гъавд нæуæгæй фæссикк æй. Майор Махъой-фурти дæсни разамундæй, æ лæгигъæдæ æма æхсари фæрци æ бон бацæй знаг бауорамун».

Фæстæдæр фæццæф æй, фал æ тохун нæ ниууагъта, æ батальонæн Берлини гъæунгти тохгæй, лæвардта дæсни разамунд, байахæстонцæ вокзал æма сахари цуппар квартали.

«Берлини тугъдтити батальонæн æмбæлгæ хузи разамунд ке лæвардта Махъоти Алихан, æхсарæ æма лæгигъæдæ ке равдиста, уой туххæй Махъоти Амурхани фурт Алихан æй Советон Цæдеси Бæгъатæри номи аккаг», – финста полкки командир Чайка. Еци фæндони фарс рахуæстæй фæндзæймаг æфсади командæгæнæг инæлар-болкъон Н.Э. Берзарин, фиццаг Белоруссаг фронти командæгæнæг Советон Цæдеси Маршæл Г.К. Жуков. Æма 1946 анзи 15 майи ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Махъоти Алиханæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Уæлахезæй исæздахтæй Иристонмæ æма хъазауатонæй бавналдта ихæлд хæдзарадæ æ къæхтæбæл ислæуун кæнунмæ. Ами дæр кæддæриддæр адтæй фæнзуйнаг, раззаг, æгъдаубæл хуæст адæймаг.

***МУРИТИ Дадо,***
***историон наукити доктор.***

***РЕДАКЦИЙÆЙ:*** *Махъоти Алихани цардвæндаг æма тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй æнгъезуй зингæ бундорондæрæй фæдздзубанди кæнун. Æма нин уомæн дæр равгæ рæхги уодзæнæй – 17 июли Махъой-фурти райгурдбæл æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1922-1981). Æма нæ зæрди ес уой фæдбæл аллихузон æрмæгутæ ниммухур кæнун.*



ХЪАЛАТИ Семени æносон бунат иссæй Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейæ. Аци къарæ ист æрцудæй æ циртбæл ин циртдзæвæн æ бюсти хæццæ æвæруни рæстæг.

# ТУГЪДИ АДТÆЙ ÆХСАРГИН, ХУМÆТÆГ ЦАРДИ – ХУÆРЗÆГЪДАУ…

ЕВГЪУД æноси инсæйæймаг æнзти Советон хецауадæ берæ аллихузон мадзæлттæ аразта адæми цардиуагæ фæххуæздæр кæнунæн. Уæди дзамани уæлдай тухстдæр уавæрти адтæнцæ хуæнхаг гъæути цæргутæ. Æма цæмæй фæххуæздæр адтайуонцæ сæ царди уавæртæ, уой туххæй ардигон адæмæн райдæдтонцæ иуарун будури зæнхитæ. Дигоргоми гъæути цæргутæй беретæ сæ цæрæн бунæттæ райййивтонцæ будуйрон рауæнтæмæ, æма си уотемæй фæззиндтæй нæуæг гъæутæ. Уонæй сæ еу адтæй Сурх-Дигорæ, кæцимæн бундор æвæрд æрцудæй 1931 анзи. Фиццаг ка æрбундорон æй ами, уони хæццæ адтæнцæ Хъалати Урусхани фурт Дзагей бийнонтæ дæр.

Раледзæг адæм исаразтонцæ колхоз æма ʻй исхудтонцæ «Хонх». Сæ гъæуи еумæйаг хæдзаради гъуддæгути е ʻмгарæ фæсевæди хæццæ æмархайд кодта Дзагей хестæр фурт Семен дæр.

Адæм бæргæ разæнгардæй аразтонцæ сæ царди хабæрттæ, бæлдтæнцæ амондгундæр исонибонмæ. Фал сæ рæсугъд фæндитæй фæффудевгед æнцæ – нæ райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдта фашистон Германи æма еци-еу бонбæл æнæгъæнæй дæр тугъдон фестадæй. Советон дзиллæ æмхузонæй исистадæнцæ Фидибæстæ немуцаг-фашистон æрдонгтæй фæййервæзун кæнунмæ. Хъалати Семен дæр 1941 анзи дæсæймаг октябри, æ трактор Секъинати Назирæти бæрнæхсти бакæнгæй, рандæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ.

Куд фæлтæрдгун тракторист, уотæ ʻй, гъай-гъай, танкист исун хъæбæр фæндадтæй, фал ин нæ рауадæй. Уæдта фронтмæ дæр æй еци фæдбæл нæ рарвистонцæ. Бахаудтæй дæсæймаг æфсади 1675 хецæн батальонмæ, аразтонцæ знаги нихмæ федæрттæ. Устур æнтæстдзийнæдтæ ке бавдиста кусти медæгæ, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Кади гæгъæди.

Еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте ба сæ рарвистонцæ Воронежи облæстмæ, ами иссæй 174-аг æхсæг дивизий æфсæддон, æ бæрнæхсти ин бакодтонцæ миномет.

Гъе уотемæй 135-аг æхсæг полкки рæнгъити фæццудæй æ тугъдон нæдтæбæл, кæцитæ ин фæцæнцæ Прибалтики. Æ тугъдон карни хабæрттæн сæ еугурей туххæй радзоруни равгæ нин нæййес, фал си цалдæр ба æримисæн.

Воронежи рæбун 1942 анзи сæрдигон æнхъуæт бæнтти карз тох райеудагъ æй фашистти дивизий нихмæ. Сурх Æфсад разагъди лæгдзийнадæ бавдиста æма знаги батардта цæугæдон Дони иннæ билæмæ. Семен ци дивизий рæнгъити адтæй, е иссæй 46-аг æма ин лæвæрд æрцудæй гвардиони ном. Семен дæр раст гъе уæд райста æ фиццаг тугъдон хуæрзеуæг.

Сæ роти командир Бекмæрзти Самсони фурт Сергей куд имиста, уотемæй 1943 анзи 6 октябри изæрмæ сахар Невель уæгъдæгонд æрцудæй знагæй. Фал цæмæй не ʻфсад ма ниффедар адтайдæ уоми, уой туххæй æ нихмæ нæуæгæй истохунæн фашисттæ иннæ рауæнтæй æмбурд кодтонцæ æфсæддон хæйттæ.

Мах æфсæдтæ гъæуама æвдæймаг октябрмæ æхсæвæ бацудайуонцæ знаги къилдунмæ æма æрахæстайуонцæ над Невель – Ленинград, цæмæй фашисттæн сидзмудзи ледзунæн дæр фадуат нæбал адтайдæ. Нæ минометтæй æхсгутæ фехалдтонцæ знаги цуппæрдæс машини æд æфсæддонтæ æма хуæлцæ. Знагæн карз нихкъуæрд дæтгæй, устур лæгдзийнадæ ке бавдистонцæ, уой туххæй айдагъ полкки нæ, фал минометон роти æфсæддонтæн дæр лæвæрд æрцудæй ордентæ æма майдантæ. Хъалай-фурти реубæл исæрттивта майдан «Тугъдон æскъуæлхтдзийнади туххæй», сæ командир, капитан Бекмæрзти Сергейæн ба исаккаг кодтонцæ Сурх Стъалуй орден.



Тугъдон æгъдауæй арæхстдзийнадæ æма æскъуæлхтдзийнадæ Хъалати Семен бавдиста цæугæдон Нигулæн Двинай сæрти бахезуни тугъдтити рæстæг. Нæ размæмпурсæг æфсæддонти фиццаг рæнгъити байервазтæй Семен цæугæдони иннæ билæмæ, æма цалинмæ иннæ æфсæддон хæйттæ цудæнцæ, уæдмæ гвардий хестæр сержант Хъалай-фурт е ʻмбæлтти хæццæ знæгтæн карз нихкъуæрд лæвардта. Хæстæгмæ сæ æрбацæун нæ уагътонцæ. Минометти карз æхстæй дæрæн кодтонцæ знаги, сæхецæй ба еунæг тугъдон дæр нæ фæгъгъудæй. Æ размæ æвæрд ихæс æнтæстгинæй ке исæнхæст кодта, уой туххæй Семенæн 1944 анзи июли исаккаг кодтонцæ Намуси æртиккаг къæпхæни орден.

Еу къуар мæйей фæсте бабæй бавдиста никки агъазиаудæр æскъуæлхтдзийнæдтæ знаги техникæ æма æфсæдтæ дæрæн кæнгæй. Æ архайд хъæбæр фæййагъаз æй не ʻфсæддон хæйтти размæцудæн, æма ин уомæ гæсгæ исаккаг кодтонцæ Намуси дуккаг къæпхæни орден. Е адтæй 1944 анзи октябри.

Еци анз ноябри ба ин лæвæрд æрцудæй майдан «За отвагу». Нæ аурста æхебæл Семен, уотид æ гъуди еунæг адтæй: гъæуама Уæлахези хæццæ исæздæха æ райгурæн гъæумæ, æ ниййергутæ æма гъæубæсти размæ. Æма еци гъудий хæццæ уодуæлдайæй тох кодта.

Латвий зæнхæбæл 1944 анзи 25-29 декабри карз тугъдтити рæстæг Семен ниппурхæ кодта знаги æртæ пулемети æд æфсæддонтæ, уæдта рамардта инсæй гитлерони æма уой фæрци исаразта нæхеуонтæн размæ цæуни фадуат. Æнцон кæми адтæй еци уазал бæнтти тохун, фал хонхи зин увавæри ка исгъомбæл æй, е æхсист адтæй. Хумæтæги ин æ лæгдзийнæдтæн устур аргъ нæ кодта Уæлдæр командæкæнуйнадæ.

Советон Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Семенæн уæдмæ лæвæрд æрцудæй Намуси фиццаг къæпхæни орден дæр. Еци æртæ ордени нимад цæунцæ зундгонд куд æй, уотемæй еумæ Советон Цæдеси Бæгъатæри Сугъзæрийнæ стъалуй æмрæнгъæ.

Сæрбæрзонд адтæнцæ Симонæй æ тугъдон æмбæлттæ дæр, æ алфамбулай ка адтæй, æ еци æмзæнхонтæ дæр. Хабæрттæ куд нæ игъустайуонцæ Иристонмæ дæр, гъæубæстæмæ, бийнонтæмæ. Еунæг анзмæ дин паддзахадæ исаккаг кæнæд уæхæн кадгин хуæрзеуæг æртæ хатти, уæд е куд нæй устур лæгдзийнади бæрæггæнæн?!

Семен æма æ хæццæ усхъæй-усхъæмæ ка тох кодта, уонæн сæ сæйрагдæр бæлдæ еу адтæй – знаги æхе лæгæтмæ фæссорун æма ʻй уоми ниххорх, ниддæрæн кæнун, Уæлахез уарзон Фидибæстæн æрхæссун. Семен ци минометон къуари рæнгъити тох кодта, уоми æхецæй уæлдай ма адтæй дууæ иристойнаги – Гæбути Гобе æма Гасинти Харитъон, уæдта узбекаг Самандар Исламов, украинаг Григорий Зезул.

Æ сæрæндзийнади туххæй берæ уарзтонцæ Семени æ командиртæ дæр, уомæн æма сæ некæд фæффудевгед кодта. Мæнæ куд финста полкки командир: «Хестæр сержант Хъалати Семен. Хуæздæр æфсæддонти фиццаг рæнгъити цудæй, æхе бавдиста бæгъатæр æма фæнзуйнагæй, æ цардбæл нæ аурста нæ Райгурæн бæстæ æма адæми сæрбæлтау. Агъазиау лæгдзийнадæ бавдиста знаги дæрæн кæнуни гъуддаги. Æй берæ хуæрзеугути аккаг…»

Тугъдон уæззау, тогæй идзаг даргъ нæдтæ… Æдзæстхезæй сæбæл фæццудæй Хъалай-фурт. Фæццудæй сæбæл, цалинмæ цифуддæр знаг кæрæй-кæронмæ дæрæнгонд не ʻрцудæй… Æма ралæудтæй Уæлахези Бон, цæстисугти хæццæ устур бæрæгбон... Тугъдвæллад æфсæддонтæ ʻздæхунцæ сæхемæ… Фал, Семен æ фидиуæзæгбæл исæмбæлуни размæ расабур æй Мæскуй... Куд бæгъатæр тугъдон, уотæ иссæй 1945 анзи 24 июни Уæлахези Паради архайæг. Паради архайуни кадæ ма æрхаудтæй не ʻмзæнхонтæй цалдæремæ, кæцитæн Райгурæн бæстæ æма разамунд уæхæн устур кадæ искодтонцæ сæ агъазиау лæгдзийнади туххæй.

Семен æ уарзон гъæубæстæмæ ку иссудæй, уæд æ бийнонти цийнæн кæрон нæбал адтæй. Еци цийнитæ ин кæд хъæбæр æхцæуæн адтæнцæ, уæддæр æхецæн берæ рæстæг не ʻсаккаг кодта уонæй хе рæвдаунæн, уолæфунтæбæл нæ фæцæй бæгъатæр тугъдон. Цубур рæстæги фæсте бавналдта фæллойнæ кæнунмæ, уомæн æма нæ фагæ кодта косæг къохтæ. Æ къæхтæбæл ислæуун кæнун гъудæй, тугъди фæсте ихæлд хæдзарадæ. Æхебæл нæ ауæрдгæй хъиамæт кодта Хъалати Семен е ʻмгъæуккæгти хæццæ.

Æ дæс æма æртинсæй анзи цалинмæ райевгъудæнцæ Хъалай-фуртæн, уæдмæ æ фæллойнæ нæ ниууагъта. Æ тугъдон æртæ цæфи дæр ибæл куд нæ бæрæг кодтайуонцæ, е ʻнæнездзийнадæ æма хъауритæбæл? Фал уæддæр æ нифс нæ састæй, уæлдайдæр ба уомæн, æма, адæми цардиуагæ æ кеми цæун ке байдæдта, уой уингæй – æ зæрдæ рохс кодта – хумæтæги ке нæ никкалдта æ тог тугъди бурдурти, уомæй.

Семен æ фæсте ниууагъта дзæбæх зæнæг, алкедæр си æй бунати, фау æрхæссæн си некæмæ ес. Æ сæр си бæрзæндти хаста алкæддæр.

Цардгъонæй Хъалай-фурт еузæрдиуонæй архайдта ирæзгæ фæлтæрти патриотон-гъомбæладон кусти дæр. Ахид уидæ ахургæнæндæнтти, заводтæ æма æндæр косæндæнтти. Æмбалдæй фæсевæди хæццæ. Æ уодæнцойнæ ба адтæнцæ æ цæуæти цæуæт. Етæ дæр сæ кадгин Бабайæй адтæнцæ сæрбæрзонд. Етæ хуарз лæдæрунцæ, сæ Баба ци кадæ искодта, айдагъ муггагæн, гъæубæстæн нæ, фал æнæгъæнæ Иристонæн дæр, уой æма архайунцæ уой хузæн рæстуодæй æма кæдзосзæрдæй адæми ʻхсæн цæрунбæл.

* * *

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма Хъалати бæгъатæр Семен кæд абони не ʻхсæн нæбал æй (æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1991 анзи), уæддæр æ рохс ном нæ дзиллæй иронх нæй. Бæгъатæр тугъдони æносон бунат иссæй Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи, æма ин уоми æ циртбæл цалдæр анзей размæ æвæрд æрцудæй бюст. Къæйдорæй номерæн фæйнæг æвæрд æрцудæй, Дзæуæгигъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл дæр.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БАЛИКЪОТИ Тотраз.***

1945 – 2022

***Искурдиадæгин поэт ХЪАРАТИ Ибрагим 1942 анзи барвæндонæй рандæ 'й тугъдмæ æма уоми æнæбæрæгæй фесавдæй. Æ тугъдон финстæгутæй еуеми уотæ финста: «Тугъдон гъуддаг, уогæ ба, æнæуой граждайнаг цардæй еуцæйбæрцæдæр æндæрхузон æй. Рæвдзæ архайун гъæуй. Хъаурæгин æма арæхстгин ун – етæ гъæуама уонцæ тугъдони***




# ÆРИГОН ТУГЪДОНИ СÆРÆНДЗИЙНÆДТÆ

...ÆФСÆДДОНТÆ цалдæремæй блиндажи бадтæнцæ. Еуетæ си, сæ радон тугъдон ихæслæвæрд исæнхæст кæнуни фæсте, сæ фæллад уагътонцæ, иннетæй ба ка газеттæ кастæй, ка ба пъисмотæ финста...

Сæ роти командири æрвист æфсæддон сæмæ куд фæммедæг æй, уой лæдæргæ дæр нæ бакодтонцæ. Фал æй ку рауидтонцæ, уæд сæ еугур дæр фæгъгъос æнцæ.

– Уæ бонтæ хуарз, æмбæлттæ! – салам син равардта æрбацæуæг, уæдта саперти уотæ ка байгъæлдзæг кодта, уомæ фæдздзурдта, гъома, роти командир дæ агоруй.

Командири блиндажи ма адтæй никкидæр цалдæр адæймаги æма сæ рази итуд картæмæ кастæнцæ.

– Æмбал командир! Кæстæр сержант Юрченко дæ бардзурдмæ гæсгæ фæззиндтæй!

Роти командир Тибенков æй бакодта е стъоли размæ æма ин хабар радзурдта. Цæветтонгæ, аци æхсæвæ гъæуй, сæ нихмæ ци немуцаг æфсæддон хæйттæ лæудтæй, уони раззаг гъæуайкæнуйнади хабæрттæ исбæрæг кæнун, уæдта немуц ци нæуæг минитæ æвæрун байдæдтонцæ, уонæй еу къуар «радавун». Ахсгиаг ихæс æрæвардтонцæ Юрченкæ æма е 'мбæлтти размæ.

Æхсæвæ æ сау пæлæз зæнхæбæл ку æрæвардта, раст еци афони рараст æнцæ сæ балций Юрченко æма е 'мбæлттæ...

Рацудæй рæстæг, æма Юрченко е 'мбæлттæн хæццæ æрбаздахтæй сæ «балцийæй», æ командирæн лæмбунæг æрдзурдта фашистти федæртти тухххæй. Равардта имæ нæуæг хузи конд немуцаг минитæ.

– Арфæ дин кæнун, бардзурд уотæ æнтæстгинæй ке исæнхæст кодтай, уой тухххæй, æмбал Юрченко, – загъта командир.

Уæхæн арфитæ еу æма дууæ хатти нæ райста гвардион Юрченко Иосиф Лукьяни фурт.

...1941 анз. 22 июнь. Хори рохситæй идзаг бони арви карз цæфау уæд ниддæлæлай кодта æнæгъæнæ бæстæбæл дæр сау хабар – фашистон Германий æфсæдтæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ нæ Фидибæстæмæ...

Райдæдта тугъд... Куд æнæгъæнæ бæсти, уотæ Иристони гъæутæ дæр кунæг кæнун райдæдтонцæ нæлгоймагæй, нæ адæми хуæздæр хъæболтæ цудæнцæ райгурæн зæнхæ цъамар знагæй багъæуай кæнунмæ. Иосиф дæр бæргæ тундзтæй фронтмæ, фал ин æфсæддон комиссариати балæдæрун кæниуонцæ: бабухсæ бал, дæу рæстæг дæр æрхъæртдзæнæй.

Еугур еци хабæрттæ идарддæр кæнуни размæ бал, æвæдзи, зæгъун гъæуй уой, æма Иосиф чиколайаг кутемæй иссæй. Уогæ украинаг уогæй, игургæ ба ракодта зæнхкосæги бийнонти æхсæн Воронежи облæсти Михайловски районы Голая, зæгъгæ, гъæуи 1911 анзи 14 октябри. Уæди рæстæгути, граждайнаг тугъди фæсте царди уавæртæ куд æдзæллаг адтæнцæ æнæгъæнæ Уæрæсей дæр, уæлдайдæр ба æ централон районти, е хуарз зундгонд æй историон æрмæгутæй. Куд мингай бийнонтæ, уотæ Юрченкой бийнонтæ дæр иситадæнцæ æма рараст æнцæ цæрунæн хуæздæр уавæртæ иссеруни нисанæй. Уотемæй исæфтудæнцæ Цæгат Иристонмæ, æрбунат кодтонцæ Чиколай, уой гъæугæрон уони хузæн ледзæг адæмæн фæцæй хецæнæй æрцæруни фадуат, фæстæдæр сæ цæрæнуат иссæй гъæдипромхæдзаради косгути поселок – нуртæкки ба хуннуй гъæу Советское.

1941 анзи фæззæги Иосифмæ дæр фæдздзурдтонцæ Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Æ хеуæнттæн хуæрзбон зæгъгæй, Иосиф рараст æй тогкалæн тугъдмæ. Рараст æй, цæмæй фæстæмæ уæлахезонæй исæздæха. Рараст æй цæмæй карз, æгъатир тугъди бæгъатæрæй багъæуай кæна Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ. Æ дзурдæн хецау разиндтæй Иосиф, æ ардбахуæрд сæрæнæй исæнхæст кодта. Сапер уогæй, е æфсæддон арæхстдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæй фæнзуйнаг адтæй иннетæн дæр. Цал æма цал хатти фескъуæлхтæй бардзурдтæ æнхæст кæнгæй. Сæхемæ ку исæздахтæй, уæд ибæл хъæбæр бацийнæ кодтонцæ е 'мгъæуккæгтæ, уæлдай æхцæуæн ба син е адтæй, æма



æ реубæл уотæ берæ хуæрзеугутæ ке æрттивтонцæ, е – Намуси æртиккаг къæпхæни орден, майдантæ «Берлин байсуни тухххæй», «Кавказ исуæгъдæ кæнуни тухххæй», «Варшавæ исуæгъдæ кæнуни тухххæй», «Бæгъатæрдзийнади тухххæй», дууæ майдани «Тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти тухххæй». Уой хæццæ ма имæ адтæй Уæллагдæр Сæйрагкомандæгæнæги арфи гæгъæдитæ, горæттæ Ландберг, Мезеритц, Швибус, Цюллихау, Гнезен, Берлин æма æндæрти есгæй бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой тухххæй.

Уонæй алкæбæл дæр си, гъома, цæй фæдбæл ин лæвæрд æрцудæнцæ, уой берæ æма бæлвурдæй æнгъезуй ниффинсун. Фал нин нуртæккæ уæхæн фадуат нæййес, уомæ гæсгæ æз радзордзæнæн айдагъдæр сæ еуей – Намуси ордени тухххæй. Мæнæ раздæр куд загътон, уотемæй ин сæ тугъд ма ку цудæй, уæд ин еци хуæрзеуæги дуккаг æма фиццаг къæпхæнти ордентæ дæр бæргæ исаккаг кодтонцæ, фал ибæл æ афони ба нæ исæмбалдæнцæ – тугъди æмæнтъерити уотæ дæр рауайидæ... Сæ аккаг æцæгæйдæр ке адтæй, уобæл дзорæг æнцæ æ тугъдон хабæрттæ...

...Карз тогкалæн тугъд байеудагъ æй. Тох цудæй цæугæдон Вислæбæл. Советон Æфсади размæмпурсти аци устур дон адтæй дæгъæли хузæн Одермæ, уæдта Берлинмæ. Уомæ гæсгæ фашисттæ еугур хъауритæй дæр архайдтонцæ аци федар нæ раттунбæл. Дони хорнигулæн билгæрон аразтонцæ аллихузи федæрттæ.

Вислæмæ бампурсунмæ алцидæр цæттæ адтæй. Амунд рæстæги зæнхæ низмалдæй, нæ дзармадзантæ æма «катюшити» гъæрæй. Висли уæлцъæрæ райдзаг æй бæлæгътæ æма паромтæй.

Авиаци æма артиллерий агъазæй не 'фсæддонтæн бантæстæй хорнигулæн билгæронмæ байервæзун. Фал немуц æндæр рауæнтæй æрбагæлстонцæ нæуæг тухтæ. Байеудагъ æй тогкалæн тугъд. Фал немуцæн нæ бантæстæй махонти Вислæмæ рагæлдзун. Е нæ, фал ма сæ махонтæ сæхуæдтæ соруни райдæдтонцæ Одермæ. Фал сæ хæццæ нæбал адтæй бæгъатæр сапер Юрченко Иосиф. Вислæбæл тохи фæццæф æй æма бахаудтæй æфсæддон сæйгæдонæмæ. Уордæмæ Иосифмæ æрбайгъустæй цийни хабар: лæвæрд ин æрцудæй Намуси æртиккаг къæпхæни орден. Е адтæй 1944 анзи 15 августи.

Юрченко берæ нæ фæцæй госпитæли. Куддæр æй уордигæй рафинстонцæ, уотæ бабæй нæуæгæй балæудтæй е 'фсæддон хайии. Æма архайдта цæугæдон Одербæл тохи. Дæлхайади командир иссæй Вислæбæл тохи фæсте. Уæд ин лæвæрд æрцудæй кæстæр сержанти цин дæр.

Вислæмæ рацæуæни сæ размæ адтæй еу къанау. Æ сæрти адтæй хецæнгæнгæ хед. Фал ибæл æфсæдтæ бацæун не'ндиудтонцæ, кæд, дан ин, немуц æ буни минитæ байвардтонцæ, зæгъгæ. Уæд роти командир фæдздзурдта Юрченкомæ æма ин байхæс кодта гъуддаг исбæрæг кæнун.

Хедмæ бацæун хъæбæр зин адтæй. Немуц æй фæйнердигæй дзармадзантæй æхстонцæ. Нæмгутæ æма бомбити скъудтæй гъостæ къуру кодтонцæ. Юрченко æма е 'мбæлттæн бантæстæй хедмæ байервæзун. Куд базудтонцæ, уотемæй си минитæ нæ разиндтæй. Одер ист æрцудæй 1945 анзи 3 февралы. Разæй – Берлин. Æртинсæй километри ма, уæдта Советон Æфсад балæудзæнæй фашистон лæгсирдти лæгæти.

Берлини бунмæ немуцаг фашисттæ æрæмбурд кодтонцæ сæ фæстаг тухтæ. Ами ба багъудæй бæгъатæр сапер Юрченкой дæснидзийнадæ равдесун. Немуц алли хæдзарæ, алли уæрмæ, алли зæнхи гæппæлæй дæр гъавтонцæ æнæбасæттæ федар исаразун. Гъæунгтæ – минæгонд. Е устур цæлхдортæ æвардта не 'фсæддонти размæ.

Юрченкой размæ лæудтæй ахсгиаг ихæслæвæрд: гъæуама е 'фсæддонти хæццæ рандæ адтайдæ разведки, искæдзос кодтайдæ над сæ ротæн немуци къилдунмæ нимпурсунæн. Юрченко е 'фсæддонти хæццæ кадгинæй исæнхæст кодта командæкæнуйнади бардзурд. Фæстæмæ ку 'рбаздахтæй, уæд имæ роти командир Тибенков фæдздзурдта:

– Командæкæнуйнади бардзурд кадгинæй ке исæнхæст кодтай æма хъæбæр хъазар бæрæггæнæнтæ ке æрбахастай, уой тухххæй дин лæвæрд цæуй Кади ордени фиццаг къæпхæн. А дууæ бони æй райсдзæнæ.

Тугъд ку фæцæй, уæд Иосиф нæуæгæй исæздахтæй Чиколамæ æма бабæй райдæдта косун Ирæфи гъæдипромхæдзаради, кодта си аллихузон куститæ – гъæдикустгæнæгæй, бæхтæрæгæй... Куд сабур æма æгъдаугин лæг, уотæ алли куст дæр æнхæст кодта тæккæ хуæздæр хузи, некæд неци байагурдта æхецæн, гъома, æз фронтовик дæн, зæгъгæ, цубурдзурдæй, æ фæллойнæ æма уодихаттæй дæр Иосиф адтæй еугуремæн дæр фæнзуйнаг.

...Гъе уотемæй цудæнцæ рæстæгутæ, Иосиф кодта æ цардi, æ бийнонти хабæрттæ. Тугъд дæсгай æнзти бæрцæ райдард æй, Иосиф æй кæд æримисидæ, уæддæр хаттæй-хатт, æ зинтæ си минкъийæй нидæндæр кодтонцæ. Фал цæмæй зудта уой, æма æ тугъдон хабæрттæ нæуæгæй «рахъел» уодзæнæнцæ – еу бон имæ ку фæдздзориуонцæ æфсæддон комиссариатмæ. «Цума ми ци кæнунцæ? Цæмæн мæ агорунцæ?» – гъудити ранигъулдæй Иосиф. Цæмæй æй зудта, циуавæр цийни хабар имæ æнгъæлмæ кæсуй, уой.

Æфсæддон комиссари уатмæ куддæр бахизтæй, уотæ æ размæ иситадæй еу æнæзонгæ афицер æма ин æ къох райсгæй загъта:

– Арфæ дин кæнæн, æмбал Юрченко, паддзахадон устур хуарзæнхæ ке райстай, уой тухххæй.

Æма ин æ реубæл бакодта, æртиндæс анзей дæргъи æ хецауи агурдта, еци хуæрзеугутæ – уал анзи бæгъатæр тугъдони реубæл æ «хеуæнттæмæ» еунæгæй æнгъæлмæ ка кастæй, еци Намуси æртиккаг къæпхæни ордени фарсмæ æрбунат кодтонцæ Намуси дуккаг æма фиццаг къæпхæнти ордентæ... Уотемæй Иосиф Юрченко иссæй аци цитгин хуæрзеуæги æнхæст кавалер.

Берæ æнзти дæргъи Ирæфи гъæдикустгæнæг кустути фæффæллойнæ кæнгæй Иосиф Юрченко 1967 анзи рацудæй пенсий. Сабургай кодта æ царди хабæрттæ.

Æвæдзи, æ царди кæронмæ æ уарзон гъæубæстæ нецæбæл баййивтайдæ, фал æй æ хеуæнттæ – етæ ба уæд цардæнцæ Ростови – рацо нæхе размæ, зæгъгæ, нæбал уагътонцæ, æма, кæд æй хъæбæр нæ фæндадтæй, уæддæр ин æ цæрæнбунат æйиевгæ рауадæй. Æрцардæй æ цæуæтмæ Ростови. Карæ, тугъди гъезæмæрттæ дæр сæ кæнон кодтонцæ, æма 1987 анзи 1 октябри Иосиф Юрченко æ цардæй рацох æй. Нигæд æрцудæй еци сахари Намуси Аллейи. Иристони ба 'й абони дæр ма имисунцæ, æ ном ин алкæддæр иссерунцæ...

Нæ иронх кæнунцæ Иосиф Юрченкой рохс ном, æ царди фулдæр хай кæми рарвиста, еци гъæубæсти дæр – Ирæфи районы гъæу Советони. Бæгъатæри ном лæвæрд æрцудæй ами астæуккаг скъолайæн, уордæмæ бацæуæни ба фарсбæл федаргонд æй æ номерæн мемориалон фæйнæг (уинетæ сæ къари).

*сæйрагдæр менеугутæ. Æз кæнун хумæтæг тугъдон лæги кой. Æфсади рæнгъити фулдæр ес уæхæн адæм. Æма етæ надбæл ку фæрраст унцæ, уæд уони æййафун гъуддаг æй. Е æ бон кæмæн нæй, е æй æнамонд. Дæ хæццæ ци фæсевæд уа, уони æмрæнгъæ цæун ба дæ бон ку уа, уæд дæхе гъæуама хонай амондгун...»*





ЕДЗАТИ Æхсарбегæн циртдзæвæн æ бюсти хæццæ цалдæр анзей размæ æвæрд æрцудæй Дигорай Намуси Аллейи.

# Æ НАМУСИ ХАБÆРТТÆ ÆРÆГИАУ ИСГЪÆР ÆНЦÆ...

*Не 'мзæнхон Едзати Александри фурт Æхсарбеги тугъдон бæгъатæрдзийнади туххæй цаутæ берæ рæстæгути уоййасæбæл зундгонд нæ адтæнцæ. Раст зæгъгæй, гъæубæсти, уæлдайдæр ба хеуæнттæ куд нæ зудтæйуонцæ, æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй берæ хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд ке 'рцудæй, уой. Фал бæлвурдæй ба ин æ тугъдон хабæртти туххæй уоййасæбæл койгонд нæ цудæй – хуæдæфсармæ адæймаг адтæй, некæд некæми кæнидæ уой фæдбæл дзубандитæ, нæ сæнттадæ си кæнидæ. Уотемæй ба имæ радзоруйнæгтæ æгæр берæ дæр ма адтайдæ. Адæмæй е баруагæс æй, тугъди фæсте берæ æнзтæ рацудæй, уотемæй Иристонмæ ку исхъæрттæй мæхцæуæн хабар – куд рабæрæг æй, уотемæй Едзати Æхсарбегæн æ рæстæги исакхаг кодтонцæ Намуси фиццаг къæпхæни орден, фал ин афойнадæбæл лæвæрд ба не 'рцудæй. Еци хуæрзеуæги хабар бæгъатæр тугъдон зудта æви нæ, уой бæлвурдæй зæгъун нæй нæ бон – бæгъатæр тугъдон абони, гъулæггагæн, цардæгас нæбал æй. Уæдта иннæ гъулæггаг ба ма е æй, æма æ еци хуæрзеуæг æгæр радзебæл æй кæмидæрти, æма 'й æхе цæститæй нæбал фæуудта – бæгъатæр æфсæддон махæй фæгъæудæй 1992 анзи 10 январи. Устур кади хæццæ 'й байвардтонцæ Секери уæлмæрдти.*

*Гъе уотемæй исæцæг æй, нæ Фидибæсти кадгинддæр тугъдон хуæрзеуæг, Кади намуси ордени æнхæст кавалер ма нæ еума æмзæнхон, Едзати Александри фурт Æхсарбег ке адтæй, еци сæрустури аккаг хабар. Бæргæ ин райдæдтонцæ уæлдай цитгийнаг мадзæлттæ арæзун, е 'скъуæлхтдзийнæдти туххæй ахиддæр дзорун. Уогæ еци дзоруйнæгтæ, куд æнгъизтæй, уоййасæбæл æнхæст нæ 'нцæ, гъулæггагæн, цардæгас нæбал æй æма ма сæ ка радзордзæнæй, уæдта цардæгасæй дæр, ку зæгъæн, уоййасæбæл тулаваст нæ адтæй æ тугъдон хабæрттæ кæнунмæ.*

*Фал уæддæр Едзай-фурти цардвæндаги хабæрттæ исбæлвурд кæнунбæл уæлдай æновудæй ка байархайдта, е адтæй БЕДОЙТИ Руслан, авиаций инæлар-майор, Уæрæсей гъæуайкæнуйнадон спортивон-техникон æхсæнади (РОСТО) цæгатиристойнаг хайади раздæри разамонæг. Æма дæлдæр мухур кæнæн Бедойфурти финст уац.*

***

Едзати Æхсарбеги царди хабæрттæ бæлвурддæрæй базонуни зæрдтæй, Дигорай фембалдтæн Æхсарбеги æнсувæр Юрийи хæццæ, устур агъаз мин еци гъуддаги фæцæнцæ Едзати Сослæнбег, Виктор, Тотраз æма Иринæ.

Дигорай Гибизи-фурти гъæунги 104-аг хæдзари рази мин равдистонцæ, Едзати Александри цæрæн бунат кæми адтæй æма цуппар æнсувæри – Зелимхан, Æхсарбег, Юрий æма Анатолий – кæми райгурдæнцæ, еци рауæн.

Æхсарбег игурæ Киристонгъæуи ракодта, тугъдмæ дæр ардигæй рандæй, фæстугъд дæр ардæмæ исæздахтæй. Фал уотæ рауадæй æма фæстæдæр цардæй Ирæфи районы Секери гъæуи. Уоми адтæн сæ хæдзари. Бийнонтæ мин равдистонцæ, æхсаргин тугъдон хуарзæнхæгонд кæмæй адтæй, еци орден-



тæ æма майдантæ, æ хуæрзеугути гæгъæдитæ, уæдта Сæйраг Уæлдæркомандæгæнæги арфи гæгъæдитæ.

Æнсувæрти хестæр – Зелимхан – 1941 анзи Харькови фестæг æфсади училище каст ку фæцæй, уæдæй фæстæмæ си хабар нæ адтæй. Æхсарбег райгурдæй 1926 анзи 25 июли, фал æ æнзтæбæл бафтудта цуппар, æма 1942 анзи 15 июли иссæй Дзæуæгигъæуи дуккаг фестæгæфсæддон училищей курсант. Мæйи фæсте Æхсарбеги нивваргтонцæ 229-аг фестæг дивизий æсгаргути хайади командирæй. Æфсæддон билети куд финст æрцудæй, уотемæй Æхсарбег фашистти нихмæ тох кæнун райдæдта 1943 анзи 3 январи, 8 январи ба æ рахес къах æма къох фæццæф æнцæ. Æ амонд адтæй, æма еци цæфти фæсте нæдæр лазаретмæ, нæдæр госпиталмæ некæдбал бахаудтæй æма тугъди кæронмæ фæттох кодта еци-еу дивизий.

Едзати Æхсарбег знаги нихмæ бæгъатæрæй ке тох кодта, уобæл дзорæг æнцæ, ци хуæрзеугутæй хуарзæнхæгонд æрцудæй, еци документти цубур финститæ. Зондзинайтæ уой дæр, æма Намуси орден, æртæ къæпхæни ин, уотемæй нисангонд æрцудæй 1943 анзи 8 ноябри. Е 'нхæст кавалертæ иссæнцæ 2631 адæймаги, дуккаг къæпхæни Намуси орденæй хуарзæнхæгонд æрцудæнцæ 46 мин адæймаги, æртиккаг къæпхæни орденæй ба – 980 миней бæрцæ.

Едзати Æхсарбегæн Намуси æртиккаг къæпхæни орден исаккаг кодтонцæ, еци хуæрзеуæг фиццаг кæмæн равардтонцæ, уони нимæдзи. Лæвæрд ба ин æрцудæй, Керчи æрдæгсакъадахи тугъдтити ке фескъуæлхтæй, уой фæдбæл. Намуси дуккаг къæпхæни орден ба ин лæвæрд æрцудæй 1944 анзи фæззæги цæугæдон Тисси алфамбулай тугъди ци бæгъатæрдзийнадæ равдиста, уой туххæй.

Сержант Едзати Æхсарбеги тугъдон надбæл дзорæг æнцæ, сахартæ Керчь, Севастополь, Будапешт, Брно æма Банска Штявница исуæгъдæ кæнуни фæдбæл тугъдтити хъæбæр дæсни ке тох кодта, уой туххæй Сæйраг Уæлдæркомандæгæнæг И.В. Сталини арфитæ дæр.

Кæд Едзати Æхсарбегæн Устур Фидибæстон тугъд фæцæй 1945 анзи 4 майи Чехословакий зæнхæбæл, уæддæр ма фæстæдæр ба архайдта Японий нихмæ тугъди дæр æма «Идард Скæсæни япойнæгти нихмæ хъæбæр дæсни ке тухтæй», уой туххæй ин 1945 анзи 23 августи Сæйраг Уæлдæр командæгæнæг райарфæ кодта.

Дууæ тугъдей фæсте хестæр сержант Едзати Æхсарбег идарддæр службæ кодта 15-аг гвардион артиллерион бригади, æма ин 1946 анзи мартъий бригади командир гвардий болкъон Соколов равардта «Германибæл уæлахези туххæй» æма «Японибæл уæлахези туххæй» майдантæ.

Æхсарбег 1946 анзи апърели уæнгæ службæ кодта 1123-аг фестæг полкки, апърелæй ноябрмæ ба – 1596-аг полкки. Æфсæддон билети куд финст æрцудæй, уотемæй 1946 анзи 20 мартъий æфсæддон службæй уæгъдæгонд æрцудæй.

Æхсаргин æсгарæг æрæздахтæй æ райгурæн Дигорамæ, адæми 'хсæн ин адтæй устур кадæ, куста фонси дохтирæй, фонсдарæгæй, гъæддзауæй, аразæгæй, Дигорай сæкæри заводи. Дууинсæй анзи ибæл ку исæнхæст æй, уæд каст фæцæй Черменигъæуи 1-аг профессионалон-техникон училище æма райста тракористи дæсниадæ.

Æхсарбег адтæй хъæбæр ездон адæймаг æма æ хуæрзеугути хæццæ хузæ исиста айдагъ дæр еунæг хатт. «Сыны Осетии в Великой Отечественной», зæгъгæ, дæс æмбурдгондемæй еуеми дæр Æхсарбеги туххæй æрмæг нæййес, уотемæй ба ибæл ка ниффинстайдæ, уæхæн адæм адтæй: номдзуд æфсæддон историк Мурити Дадо адтæй Едзати хуæрифурт, Æхсарбеги цардæмбал ба адтæй дзурддзæугæ ирон финсæг Мамсурати Дæбей хæстæг æрвадæ Сандрой кизгæ Венерæ.

Æдзатæ, ку зæгъун, цардæнцæ Секери. Ами син райгурдæй кизгуттæ Зойæ æма Галинæ, уæдта биццеутæ Аслæнбег, Сослæнбег æма Геуæрги.

Едзати Æхсарбеги цардæмбал Венерæ тугъди рæстæги хъазауатонæй фæллойнæ кодта гъæуайкæнуйнадон кустити, тугъди фæсте ба Секери куста гъогдоцæгæй æма цæйбæрцæбæл хъазауатонæй куста, уомæн ба æвдесæн æнцæ æ хуæрзеугутæ – орден «Кади Нисан», майдантæ «Фæллойнадон æскъуæлхтдзийнади туххæй», «Фæллойни ветеран», майдан «1941-1945 æнзти Устур Фидибæстон тугъди Уæлахези 50 анзи».

Гъулæггагæн, хъиамæтгун силгоймагбæл хъæбæр устур фудбæлах æрцудæй, сæ цæрæн хæдзарæ цæйдæр фудæй иссугъдæй æма уотемæй бастъалдæй...

Едзати Æхсарбегбæл æ тугъдон хуæрзеугутæй кæцидæртæ исæмбалдæнцæ фæстугъд – 1943 анзи æй кæмæй исхуарзæнхгин кодтонцæ, Сурх Стъалуй еци орден ин лæвæрд æрцудæй 1958 анзи, фæстæдæр ба – Фидибæстон тугъди дууæ ордени. Æхсарбег ку рамардæй (1992 анзи), уомæй цуппар анзи фæстæдæр ба ин исаккаг кодтонцæ, тугъди рæстæги ин цæмæдæр гæсгæ лæвæрд ка не 'рцудæй, еци Намуси фиццаг къæпхæни орден.

Едзати Æхсарбег Александри фурт рамардæй 1992 анзи 10 январи, гъома, Намуси ордени æнхæст кавалер ке адтæй, е ку исгъæр æй, еци бонмæ фонд анзи минкъий гъæуагæ нæ фæццардæй.

Æхсæз ордени æма фараст майданемæй ке исхуарзæнхгин кодтонцæ, еци бæгъатæр тугъдон Едзати Æхсарбегæй Иристон сæрустур куд нæ уа!.. Гъулæггагæн, берæ рæстæг нæ дзиллæн æ бæгъатæрдзийнади хабæрттæ æнхæстæй зундгонд нæ адтæнцæ. Е раст бæргæ нæ адтæй, æма аци рæдуд исраст кæнуни туххæй гъæуй алцидæр исаразун тугъдонæн æ ном исæнсосон кæнунæн.

**РЕДАКЦИЙÆЙ.** *Бедойти Руслани уац мухургонд æрцудæй 2001 анзи, уомæ гæсгæ ба ма æ радзубандимæ уой дæр бафтаун гъæуй, æма уомæй цалдæр анзей фæсте Едзати Æхсарбегæн æ райгурæн Киристонгъæуи бæрæгастæу Кади Аллейи æвæрд æрцудæй циртдзæвæн.*



*Едзати Æхсарбегæн бюст ци бон игон кодтонцæ, уой хуæдразмæ рацудæй сæрмагондæй киунугæ «Едзаев Ахсарбег Александрович», зæгъгæ. Уомі ес цалдæр публицистон æрмæги уой цард æма тугъдон хабæртти туххæй, æхе æма æ хеуæнтти берæ хузтæ. Киунугæ бацæттæ кодта Киристонгъæуи Цæголти Геуæргий номбæл музейи директор Лолати Батраз.*

*Германайнаг фельдмаршæл Хельмут фон МОЛЬТКЕ (1800-1891) кæддæр уотæ загъта: «Тугъд, сауæнгæ тæккæ уæлахезондæр, æй национ трагеди». Американаг æмбесондмæ гæсгæ ба «Устур тугъди фæсте бæсти байзайунцæ æртæ æфсади: иуонгсахъатти æфсад, гъарæнгæгæнгути æфсад æма давгути æфсад».*



БÆГЪИАТИ Алан æма ФИДАРАТИ Юрий



# КИУНУГÆ КÆСУН – ЗУНДИ РАДÆ, КИУНУГÆ ФИНСУН – УСТУР КАДÆ!..

АЦИ ÆРМÆГИ сæргонд лæмбунæг бакастайтæ? Мадта ин уæд, æвæдзи, æ медес дæр балæдæрдтайтæ. Нæ рагфидтæлтæ кæд сæхуæдтæ уоййасæбæл нæ арæхстæнцæ киунугутæ кæсунмæ, уæлдайдæр ба сæ финсунмæ, уæддæр æй хъæбæр хуарз лæдæрдтæнцæ, киунугæ цæйбæрцæбæл ахсгиаг агъазгæнæг æй царди хабæрттæ аразунæн, æма хъæбæр мондагæй бæлдтæнцæ, цæмæй сæ кæстæртæ æхцул уонцæ киунугутæ кæсунбæл, уой хæццæ ба ма арæхсонцæ сæ финсунмæ дæр. Æма зæрдиагæй архайдтонцæ уобæл, уæлдайдæр ба советон доги.

Советон Цæдес хумæтæги нæ худтонцæ дуйней тæккæ кæсагæдæр бæстæ.

Гъулæггагæн, фæстаг æмæнтъери рæстæгути киунугæ дзиллæмæ, уæлдайдæр ба кæстæртæмæ уоййасæбæл цæстиварди нæбал æй. Бæлахи фудракæндæ ба е æй, æма скъолати ахурадон программитæ еуварсгонд æрцудæнцæ, ирæзгæ фæлтæрти зундирахастбæл хуæздæрæрдæмæ ка фæззиннидæ, уæхæн литературон уадзимистæ. Еци миуæн ба е знаггадæ уомæй æй, æма сабийтæ æ афони ку нæ бакæсонцæ Александр Пушкини, Михаил Лермонтови, Николай Некрасови, Хетæгкати Къостай, Малити Геуæргий æма иннæ разагъди финсгути уадзимистæ, уæд скъола каст фæууни фæсте ба, баруагæс уи уæд, хъæбæр ефстæгтæй уæлдай си еци классикти киунугутæ æ къохтæмæ некебал райсдзæнæй зæрдиагæй бакæсунмæ… Æма е ба сагъæссаг уавæр æй, уомæн æма дуйней удварни хæзнати хæзнатæбæл нимад ка цæуй, уонæй нæ кæстæрти фудевгед кæнæн, æма уой фудæй ба уонæн сæ удигъæдæ цауддæр кæнуй.

Еци уавæр гъæугæ хузи фæррæвдзæдæр кæнун, гъома, киунугæ цæмæй хеуон æма царди нæдтæбæл æмбæлццон исуа нæ дзиллæн, уомæн ци мадзæлттæ арæзт цæуй, уонæй еу иссæй нур дуккаг хатт Дзæуæгигъæуи арæзт ка цæуй, еци аллианзон æхсæнадæмон фестиваль-армукъа «Бакæсæн еумæ». Арæзт ба цæуй нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл хъæппæресæй.

Куд фарæ, уотæ аци анз дæр аци мадзал фæррæстмæ ‘й. Архайдтонцæ си нæ республики нацити гъуддæгути министр **Бæгъиати Алан**, нæ республики мухури æма дзиллон коммуникацити Комитети сæрдар **Фидарати Юрий**, Дзæуæгигъæуи бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæги хуæдæййевæг **Ходи Мæдинæ**, нæ республики æма Цæгат Кавкази рауагъдæдти сæргълæугутæ, журналтæ æма газетти сæйраг редактортæ, æхсæнади минæвæрттæ, культури, ахуради æма аййевади косгутæ, фæсевæд, Уæрæсей алли рауæнтæй æрбацæуæг иуазгутæ.

Фестиваль-армукъа игон кæнгæй, Фидарати Юри загъта:

– Республикон газеттæ «Рæстдзинад», «Северная Осетия», «Дигорæ», «Слово», журналтæ «Мах дуг», «Дарьял» æма «Ногдзау»-æй уæлдай ма ами фæууинæн æма балхæнæн ес районти газеттæ дæр. Архайунцæ си паддзахадон киунугæуадзæн «Ир», Гасситы Виктори номбæл полиграфион кустуат, рауагъдæдтæ «Харизма», «Терские ведомости». Ес нæмæ иуазгутæ Цæцæни, Кæсæг-Балхъари, Дагестани, Хонсар Иристони республикитæй. Алкæддæр ами æхцæуæнæй фæййархайунцæ, Цæгат Кавкази æма нæ бæсти сæ ном зундгонд кæмæн æй, еци киунугæуадзгутæ Виктор æма Мария Котляровтæ. Æма син нæ комитети æма нæ республики цæргути номæй арфæ кæнæн.

Армукъа исаразгутæн æма æ архайгутæн ма арфи дзубандитæ загътонцæ Бæгъиати Алан æма Ходи Мæдинæ.

Армукъæй ка адтæй, еци адæм æхцæуæнæй æлхæдтонцæ киунугутæ, хузгин альбомтæ æма буклеттæ. Адтæй син фадуат сæ авторти хæццæ лæгæй-лæгмæ радзубанди кæнунæн. Аци мадзали рæстæг сæ еузæрдиуон кæсгути хæццæ фембалдæнцæ республикон газеттæ «Рæстдзинад», «Северная Осетия», «Дигорæ» æма «Слово»-й, журналтæ «Мах дуг», «Дарьял», «Ногдзау» æма «Ирæф»-и сæйраг редактортæ **Хозити Барис, Битарти Маринæ, Сакъити Эльбрус, Томайти Сергей, Хетæгкати Оксанæ, Цхурбати Алан, Сæлбити Дианæ** æма **Скъодтати Эльбрус.**

Аци æнæмæнгæ пайдахæссæг мадзалмæ берæ адæм ке ‘рбацæуй, е æхцæуæн æй. Никки æхцæуæндæр ба е æй, æма се ‘хсæн берæ фæсевæд ке фæууй, е. Алкæмæн дæр сæ карæмæ гæсгæ арæзт æрцудæй интеллектуалон гъæзтитæ, уруссаг æма ирон финсгути цард æма исфæлдистади хæццæ баст конкурстæ. Сæ фарстатæн син бæлвурддæр дзуæппитæ ка равардта, етæ ба лæварæн райстонцæ бæстæзонæн кенæ аййевадон литератури уадзимисти киунугутæ.

Киунугути армукъа «Бакæсæн еумæ»-йи архайгутæ æма иуазгути зæрдитæ сæ искурдиадæй барохс кодтонцæ Тæбæхсæути Балой номбæл Ирон академион театри æма куклати театр «Саби»-й артисттæ, Гергити Валерийи номбæл аййевæдти колледжи фæндурдзæгъдгути къуар «Амонд»-и архайгутæ æма нæ республики æригон зартæгæнгутæ.

Аци фестиваль-армукъæй хатдзæгтæмæ гæсгæ нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма кæдимайди бабæй нæмæ киунугæ исцитгин уидæ, сæрустурæй зæгъианæ: «Киунугæ кæсун – зунди радæ, киунугæ финсун – кадæ!..»









Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.

Газет исаразæг æма уадзæг: РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

Редакций адрес: 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
E-mail: gazeta-digora@inbox.ru.
Нæ газети сайт: http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.
Рафинсуни индекс: 73946.
Тираж 550. Заказ №1267.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 22.06.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.06.2022.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.